

Sa Ou Bezwen Konnen: Revizyon Maladi Oswa Enfimite Ou



Si ou ap resevwa benefis Sekirite Sosyal oswa Revni Sekirite Siplementè (SSI), n ap revize kondisyon sante ou tanzantan pou asire ou toujou gen maladi a oswa enfimite a.

Anjeneral, si sante ou pa vin pi bon, oswa si maladi oubyen enfimite ou a anpeche ou travay, ou ap kontinye resevwa benefis yo.

Pwoesisis revizyon an konsevwa pou ba ou chak posiblite pou montre ou toujou malad oswa enfim epi pou asire benefis ou yo pa sispann san rezon. Tout prèv konsènan kondisyon sante ou ap genyen yon evalyasyon konplè. Si ou gen plis pase yon pwoblèm maladi oubyen enfimite, n ap konsidere efè tout maladi oubyen enfimite yo alafwa sou abilte ou pou travay.

Men kèk kesyon yo poze souvan sou revizyon maladi oswa enfimite Sekirite Sosyal. Si ou gen lòt kesyon, kontakte biwo lokal Sekirite Sosyal ou.

Konbyen fwa y ap revize kondisyon sante mwen?

Frekans (kantite) revizyon yo depann de kalite ak gravite kondisyon sante ou epi si yo prevwa kondisyon sante ou ap vin pi bon.

- Si yo prevwa konsisyone sante ou ap vin pi bon, anjeneral premye revizyon an ap fèt ant sis (6) ak dizuit (18) mwa apre dat ou vin malad oswa enfim nan.
- Si gen amelyorasyon ki posib, men ki ka prevwa, dosye ou ap revize yon fwa chak twa (3) ane.
- Si pa gen amelyorasyon ki prevwa, dosye ou ap revize yon fwa chak setan.

Kouman y ap fè mwen konnen yon revizyon ki fèt?

Lè nou deside pou gen yon revizyon medikal konplè, n ap voye yon lèt ba ou pou mande ou pou ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Kisa ki pase nan yon revizyon?

Nan revizyon an, n ap mande ou kouman kondisyon sante ou afekte ou epi si li vin pi bon. N ap mande ou pou ou pote non doktè ou, adrès ak nimewo telefòn li; epi pou pote nimewo dosye pasyan ou genyen nan nenpòt lopital ak lòt sous medikal ki te trete ou depi

apre lè nou te kontakte ou. Si ou te travay depi ou te aplike pou benefis maladi oswa enfimite oubyen depi dènye revizyon ou, n ap bezwen tou enfòmasyon sou dat ou te travay yo, peman ou te resevwa ak kalite travay ou te fè.

Ki moun ki pral pran desizyon maladi oswa enfimi te a?

N ap voye dosye ou nan Sèvis Detèminasyon Maladi oswa enfimite nan eta kote ou ap viv la. Biwo sa a ap pran desizyon pou Sekirite Sosyal. Yon egzaminatè maladi oubyen enfimite ki gen eksperyans ap mande doktè ou rapò medikal yo. Egzaminatè a ap mande rapò medikal yo tou nan lòt kote ou te ale pou swiv tretman. Egzaminatè a ak yon konsiltan medikal, k ap travay ansanm kòm yon ekip ap revize avèk prekosyon tout enfòmasyon yo resevwa pou dosye ou epi y ap pran yon desizyon.

Kouman y ap pran desizyon an?

Nan pifò ka, desizyon an ap baze sou enfòmasyon doktè ou, lopital ou oswa lòt sous medikal. Men, si prèv medikal la pa konplè oubyen ajou, yo ka mande ou pou gen yon egzamen espesyal gratis. N ap ekri ou pou fè ou konnen dat, lè ak kote a.

Kisa k ap pase si mwen pa dakò avèk desizyon an?

Ou ka fè apèl kont desizyon an si ou pa dakò avèk li. Sa vle di ou ka mande nou pou nou gade dosye ou ankò pou verifye si desizyon nou te pran an pa t kòrèk. Gen kat (4) nivo apèl (voye yon kòz devan yon tribunal ki pi wo) epi, anjeneral, ou gen 60 jou pou fè apèl la de yon nivo a yon lot nivo. Men kat (4) nivo yo:

- **Rekonsiderasyon**—Moun ki pa t patisipe nan desizyon orijinal la ap fè yon revizyon endepandan sou dosye ou. Ou ka fè apèl devan yon ofisyè odyans maladi oswa enfimite k ap pran desizyon sou apèl ou.
- **Odyans**—Si ou pa dakò avèk desizyon rekonsiderasyon an, ou ka mande yon odyans devan yon jij lalwa administratif.
- **Konsèy Apèl**—Si ou pa dakò avèk desizyon jij lalwa administratif la, ou ka mande pou Konsèy Apèl la revize desizyon an.

(lòt bò a)

Sa Ou Bezwen Konnen:
Revizyon Maladi Oswa Enfimite Ou

- **Tribinal Federal**—Si ou pa dakò avèk desizyon Konsèy Apèl la oswa si Konsèy Apèl la deside pou li pa revize dosye ou, ou ka entante yon pwosè sivil nan yon tribunal federal.

Nan ki sikontans benefis yo ap sispann?

Anjeneral, benefis lajan kach yo ap sispann sèlman si prèv la montre kondisyon sante ou vin pi bon epi ou ka travay sou yon baz regilye. Toutotan kondisyon sante ou pa vin pi bon epi ou pa an mezi pou travay, ou ap toujou resevwa benefis lajan kach ou.

Kisa k ap pase si mwen eseye travay?

Sekirite Sosyal gen plizyè règleman espesyal ki ka ede si ou ta vle travay.

Si ou ap resevwa benefis maladi oswa enfimite Sekirite Sosyal, ou ka gen salè san limit pandan yon peryòd-desè travay apeprè pandan nèf (9) mwa (pa nesesèman mwa apre mwa) epi ou ap toujou resevwa tout benefis ou. Lòt règleman yo pèmèt benefis lajan kach ak Medicare kontinye pandan ou ap eseye travay sou yon baz regilye.

Si ou ap resevwa peman maladi oswa enfimite SSI, ou ka kontinye resevwa peman pa mwa pandan ou ap travay toutotan revni ak resous ou kontinye anba sèten limit. Si peman lajan kach ou sispann paske revni total ou depase limit SSI yo, ou ka toujou elijib pou Medicaid.

Nou gen lòt pwogram ki ka ede ou avèk depans nan travay la, fòmasyon ak reabilitasyon. Mande biwo lokal Sekirite Sosyal ou plis enfòmasyon sou règleman espesyal pou moun malad oswa enfim ki vle travay.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprt ki pale Kreyòl preznan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kè apèl telefonik.

